*Муниципальное казенное дошкольное образовательное учреждение*
*«Детский сад «Аист»*

# Конкурсное ООД на аварском языке

## по образовательной области «познавательное развитие» в средней группе на тему: «Откуда к нам пришли кукурузные хинкал»

**По приказу Минобрнауки РД от «о7.04.2021г.» № 54, в рамках реализации федерального проекта «Учитель будущего», под проекта «Сохранение и развитие языков народов Дагестана» и в целях распространения передового педагогического опыта, а также повышения профессионального мастерства и инициативы педагогов в области развития родной (литературной) речи детей дошкольного возраста в дошкольных образовательных учреждениях**

## «Киса нилъее щолел ц1оросаролъул хинк1ал»



**Разработала и провела:**
**воспитатель средней группы**
**Омарова Хадижат А**

*Ансалта 2021г.*

## Конспект ООД в средней группе на аварском языке

по образовательной области «познавательное развитие» в средней группе на тему: «Откуда к нам пришли кукурузные хинкал»

# Рагьараб х1адур гьабураб дарс
# «Киса нилъее щолел ц1оросаролъул хинк1ал»

**Дарсил мурад:** Нилъер г1агараб ракьалъулгун, халкъалъулгун халкъиял г1адатазулгун ва рук1арахъиналъулгун лъималазул лъай-хъвай гьаби.
Наслабаз наслабазухъе кьолел г1адат, адабият, маданият лъалелллъун ва гьел ц1унулелллъун лъимал куци.
Лъималазул рух1ияб бечелъиялъе кьуч1ч1 лъей ва гьеб борхизе гьаби.

## Масалаби:

**Лъайкьеялъулал**: лъималазул калам цебет1изаби, жидер пикру загьир гьабизе, гьабулеб жоялда т1ад ургъизе ругьун гьари.
Сверухъ ругел г1адамазул ва жиндирго росдал г1адамазулрук1арахъиналъул х1акъалъулъ лъималазе бич1ч1и кьей.

**Тарбиякьеялъулал:** Жиндир халкъалъулги г1агараб росдалги г1адат-г1амал, рук1а-рахъине лъалел, гьелъул адаб ккуралллъун лъимал куци.
Цогидал халкъазулги жинди- жиндир г1адат г1адлу бук1ун ва гьелъулги жиндирго хассаб лъик1лъи берцинлъи бук1унеблъи лъалелллъун лъимал куци.

**Дарсил ин**

**Муг1алим:** Ророч1ами хирияал лъимал. Балагьея цо жакъа нилъехъе гьалбалги рач1ун руго. Рач1а нилъеца нилъер г1адаталда рекъон рорч1ами кьезе:
Ассаламу г1алейкум, х1урматияал гьалбал!

-Лъимал, жакъа нилъер буго нилъер росдалги халкъалъул рук1арахъиналъулги бицунеб дарс, ва дарсида нилъеца бицине буго киса нилъер столазде ц1оросаролъул хинк1ал абулеб ниг1мат щолебали.
Нужее бокьилищ лъимал гьелъул бицине? Рази ругищ нуж?

**Лъимал:** руго.

-Амма байбихьи гьабизе бокьун буго нилъерго Ват1аналдаса.
Бицея цо , лъимал лъидаха лъалеб нилъер к1удияб Ват1аналде ц1ар?




**Лъимал:** Россия

Лъицаха бициненеб нилъер гьит1инаб Ват1аналде ц1ар?

**Лъимал:** Дагъистан

Щиб районалъул г1адамал лъимал нилъ?

**Лъимал:** Болъихъ район

Нилъер росдаде ц1ар щибха лъимал?

**Лъимал:** Ансалт1а

Щиб миллаталъул г1адамал нилъ кколел лъимал?
**Лъимал:** Маг1арул

**Муг1алим:** Гьелеха лъимал, лъик1 лъалеб буго нужода нилъерго Ват1ан. Лъимал жакъа гурищ , радал дун гьание щведал нилъер группаялъул нуц1ц1ил к1алда гьаб кагъат батана дие.

Дицаги тун бук1ана гьеб рагьич1ого нилъ киналго данде лъезег1ан. Рач1ая цо балагьизе щибг1агидай гьаниб бугеб абун:

**«Рорч1ами, хирия📏 лъимал. Дун вуго Къурбан даци. Дир ч1ей бак1 буго Мах1ачхъалаялда. Дида раг1ана нужохъ Ансалт1а росулъ ц1акъ гьуинал ц1оросаролъул хинк1ал гьарулин абун . Дие ц1акъ рокьула ц1оросаролъул хинк1ал, хассаб т1аг1ам бук1уна маг1арухъ гьарурал ц1оросаролъул хинк1азул.**
**Дие бокьилаан нилъерго муг1рузул берцинлъи бихьизе, бац1адаб муг1рузул х1ухьелги ц1азе.**
**Нилъерго г1адатиял ц1оросаролъул хинк1азулги х1албихьизе, нужохъе гьоболлъухъ вач1ине».**

-Вах1 лъимал, гьаб щиб лъик1аб хабар. Гьалбал ц1акъ рокьула гурищ нилъее, рокьуларищ лъимал?
**Лъимал:** рокьула.
Амма лъимал нилъер ц1оросаролъул ханжу ( Хара) гьеч1о.
Гьеб бук1инабизе ккела гьанже нилъеца.
Кисаха нилъее гьеб щвелеб?
**Льимал:** гьабихъе инее кола ханжу гьабизе.
Сундулха гьеб гьабилеб?
**Лъимал:** Ц1оросаролъалъул.
Кисаха лъимал нилъер халкъалъе щолеб ц1оросаролъалъул ханжу (хара)?

Дица бицина нужое кинаб г1емераб х1алт1и гьабизе кколеб нилъеца рокъобе ханжуги, столалда ц1оросаролъалъул хинк1алги рук1ине кканани.
Г1енеккун ругищ лъимал ?
**Лъимал:** руго
-Нилъер росулъ ,лъимал руго г1езег1ан лъик1аб г1урда ракьалъул хурзал. Цебе заманалдаса жакъа къоялде щвезег1ан нилъер халкъалъ бат1и-бат1иял т1ощелал рекьизе х1алт1изарулел руго гьел.Ихдалил « ОЦ БАЙ» байрамалдаса байбихьун хасалихъа кват1изег1ан халат бахъараб бук1уна лъимал т1ощел хьваялъул х1алт1и: рекьи, рухъи, ч1аради, лъалъад ва ахиралдаги т1ощел бак1ари ва лъилъи.

-Гьанже нилъеца доскаялда бихьизе гьабила , щиб къаг1идаялъ нилъер маг1арул халкъалъ хур бекьулеб ва кин гьеб хьвадизабулебали, рач1ая цо лъимал диде аск1оре.
***(Слайдазда бихьизе гьабила хуриб риилялъ гьабулеб х1алт1и)***

-Риилялъ гьабураб хурил х1алт1иялъул х1асил кьола нилъее хасалихълъиялъул байбихьуда.
Гьадин бук1уна лъимал лъилъизе мех щвараб т1ощалил хур.
Бецун бач1уна жидерго азбаралде, амма гьенибги лъугьунаро гьелъул х1алт1и.
Гьанже лъимал г1агарлъи мадугьаллъи бак1арун т1обит1ула ц1оросаролъалдаса хъал бахъизе гвай.



-Рач1а лъимал нилъеца гвай гьабила цадахъ, гваязулъ ах1улаан куч1дул , кьурдулаан, рицунаан кепал харбал.

***( лъималаз рихьизе гьарула жидерго гьунарал)***

**Лъимал: (яс)** Баг1араб чуялда чергес кьили ч1ван
Чанал гьан кваналел вассал нуж гурел.
**Лъимал:(вас)** Рет1ел букъун квач1ан къат1ире рахъун

Къвариг1ел т1убалел ясал нуж гьеч1ел.
**Лъимал:(яс)** Бахьинаб надалда кьинсир бер ч1ег1ер
Ч1алг1унищ вук1арав ясазул харбихъ.
**Лъимал:(яс)** Байдаби берцинаб т1угьдузул квац1и .
Квенищ дуй бихьараб диргун махсаро.
Кверзул махщелалда ч1ух1унищ йигей
Ч1валин дуе нако яхъа горилъе.

**Муг1алим:** Т1ил рехе бах1арчи ясазул горилъ
Х1ат1ида т1адагьай т1аде яхъине.

**Лъималазул горилъ кьурди**




***Ч1ирараб ц1оросаролъ бац1ад гьабула ришниялдаса ай гьорохъ биччала (Слайд) ва х1амида лъун босула гьабихъе.***

- Рилъинищха лъимал нилъги гьабихъе?
-Амма цин нилъеца ц1оросаролъ гьираздеги бан х1амида лъезе кола.



**(Тарбияч1ужугун лъимал гьабихъе щола)**

-Гьанже лъимал нилъеца ц1оросаролъ боркьизе кола, корохъ ц1алуялда.
Гьеб буго лъимал кутакалда махщел х1ажатаб х1алт1и.
Ц1оросаролъуе бежи г1еч1они ханжу бак1аб лъугьула, хинк1ал хьарсал лъугьула. Ц1ик1ун бежани ханжу бец1аб лъугьула ва хинк1азул т1аг1ам хисула , гьезде кьуг1лъи рехула.
Гьединлъидал ц1аги рекъон ч1езабизе кола, лъимал ц1алуги квер ч1еч1ого багъарулеб бук1ине кола, щибаб мугь берцинго бежизе.




Доб цебе заманаялъ маг1арухъ кьанаг1ат гурони рук1инч1о лъадал гьабал, щибаб росабалъ гурелъул лъарал рук1унел .

Гьале гьадинаб кверзул гьобо бук1унаан г1емерисел росабалъ.
Нилъецаги рач1аха хенезе ц1оросаролъ. Гьобо бит1аги нилъее.



**Лъимал:**Амин.

-Балагьея цо лъимал, ц1акъ лъик1аб ханжу (хара) буго нилъерги.
Гьанже нилъги рокъоре т1ад руссина нилъерго ханжуги босун, гьобол т1аде щвеялде хинк1алги гьарун тела. Гурищха лъимал?



**Лъимал:** уха гьарила хинк1ал.

**Муг1алим**:Ханжу ц1алк1изе кола, г1ат1 буцизе бух1араб лъим ялъуни гьанал гьаг1о ва ц1ам х1ажалъула.
Гьанже лъимал нилъеца кинацаго ц1оросаролъул хинк1ал къазе руго.

Бокьилищ лъимал нужое, къвазе ругищ?

**Лъимал:** руго
**( Муг1алималъ хинк1ал къалеб куц бихьизе гьабила , лъималгун цадахъ лъугьун кумек гьабила)**



-Кутакалда берцинго хинк1ал къвазе лъалеб буго лъимал нужода, дида ккола гьазул т1аг1амги ц1акъго лъик1аб батилин абун.
Гьанже нилъеца гьал ц1еде ран релъине ккола ва Къурбан даци вач1иналде столги къвач1азе кола.

**Къурбан даци**: Ассаламу г1алейкум хириял , лъимал, хирияmisмаг1арулал!
Гьобол къабул гьавилищ?

**Муг1алим:** -Къурбан даци лъик1 щварав мунги, гьалбал рак1 рагьун къабул гьарула нижеца.

**Къурбан даци:** Лъимал нуж дихъ ралагьун ч1ун рук1анищ?



**Лъимал:** рук1ана.

Гьалеха дунги вач1ана нужор хинк1азул х1ал бихьизе.

**Муг1алим:** ц1акъ гьобол, гьудул хириял лъимал руго нижер гьал
Къурбан даци, мун вач1иналде лъик1аб х1адурлъигьабуна гьаз.

**Къурбан даци:** Х1ал ч1ахъаги нужор лъимал!
Рач1а кинацаго цадахъ х1ал бихьилин нилъерго хинк1азул.

**Муг1алим** :Абула нилъер халкъалъ бет1ер чед бугин
Т1оцебе столалда т1аде жиб лъолеб
Т1аде гьобол щедал гьевгун данд ч1валеб
Гьел нухда унелъул хулжиниб лъолеб

**Лъимер**: Гьудул духъе нагагь гьобол вач1ани
Мун гьумерги бук1к1ун гьесда к1алъаге
Гьесул мурад ц1ехе ц1адухъе ваче
Гьев вакъун ватани хулжиниб чед лъе.

## Дарсил ахиралда:

**Муг1алим:** Бокьанилъ,лъимал нужее дарс?
Щибха нужое бищунго бокьараб ?
(лъималазул жавабал)

**Муг1алим:** Нилъер хур хьвадизаби,т1ощел бак1ари бокьанищ,лъимал?
Гьеб бугоха, льимал нилъехъе умумуздаса щвараб, нилъедасаги хадусел г1елазухъеги кьезе кколеб нилъер халкъалъул хазина.


Муниципальное казённое дошкольное образовательное учреждение «Детский сад «Аист»
Рагьараб х1адур гьабураб дарс
«Киса нилъее щолел
ц1оро олъул хинк1ал»
Дарс тlобитlана:
Пумарова Хадижат Гl.
100
1921·2021
ДАССР